

PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Para sesepuh, pinisepuh ingkang tuhu kinabekten. Dhumateng panjenangnipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan dalasan keluarga. Saha dhumateng para rawuh kakung sumawana putri ingkang dhahat kinurmatan.

Langkung rumiyin sumangga tansah kula dherekaken manengku puja dalah puji syukur wonten ngayunan dalem Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha nikmat tuwin kekiyatan, satemah panjenengan lan kula wonten ing wekdal menika tasih saget kempal manunggal nyawiji wonten ing menika papan kanthi ginanjar karaharjan. Shalawat saha salam mugi katetepna dhumateng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang tansah panjenengan lan kula antu-antu menggah barakah syafa'atipun wiwit gesang wonten ing alam dunya dumugi ing alam akhirat.

Sagung para tamu ingkang dhahat kinurmatan, mugi linepatna ing deduka, tinebihna ing salwiring sesendu. Kalilalana, kula matur wonten ing ngarsa panjenengan sedaya, satemah nggempil kamardikan panjenengan sawetawis ingkang nembe eca sekeca nggenya wawan sabda. Mradapa awit keparengipun panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati, kinen nderekaken lampahing adicara wonten ing wekdal menika.

Namung, saderengipun bokbilih samangkih kathah kalepatan anggenipun nderekaken lampahing adicara, kula tansah nyadhong lumunturing sih samudra pangaksama. Salajengipun badhe kaaturaken menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Nun inggih adicara ingkang sepisan pambuka. Kalajengaken adicara angka kalih nun inggih atur pambagyo harja saking keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Tumapaking adicara angka tiga nun inggih wedharing pangandikan saking keluarga Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Adicara angka sekawan nun inggih atur panampi saking panjenenganipun keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Sasampunipun, sumene saha pirembagan mirunggan, titilaksana adicara ingkang pungkasan nun inggih panutup.

Mekaten menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Rehning sedayanipun sampun samekta ing gati, pramila adicara tumuli badhe kawiwitan. Sumangga kapurwakan kanthi kula dherekaken maos Basmallah sesarengan, Bissmillahirrahmanirrahim. Maturnuwun. Mugia adicara menika saged lumampah kanthi rancag wiwit purwa, madya, ngantos dumugi ing wasana.

Sagung para rawuh ingkang sinugata pakurmatan, adicara angka kalih nun inggih atur pambagyaharja saking keluarga hamengku gati. Pramila dumateng Bapa Suryono minangka



duta wicara, kasumanggaaken. Mekaten wijiling pangandikan saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara. Pramila ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan.

Dungkap ing titilaksana adicara angka tiga nun inggih babaring sabda saking panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Pramila dumateng Bapa Hasan Kiswoko minangka duta caraka ingkang minangka sulih sarira, sumangga.

Kados sampun terang terwaca wedharing pangandikan saking Bapa Heru Susanto, S.H. calon kadang besan lumantar duta caraka. Pramila tumuli badhe tinanggapan dening panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar Bapa Suryono minangka duta wicara murih saget atur wangsulan ingkang gumatok. Dhumateng panjenenganipun Bapa Suryono minangka duta wicara, sumangga.

Mekaten atur panampi saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara, ingkang kula pitados saestu damel suka birawaning penggalih panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan, langkung-langkung Dimas Bagus Sertu Rayhan Andrean minangka calon manten kakung, ingkang Insya Allah badhe kasembadan gegayuhanipun anggarwa Nimas Ayu Rita Hapsari, S.Pd. minangka calon manten putri. Kula ndherek memuji mugi Allah ingkang Maha Kawasa ngijabahi sedya tama panjenengan saged kasembadan kalis ing rubeda.

Para rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinormatan, rehning sampun wonten manunggaling rembag ingkang gumatok, pramila sinambi hanglajengaken pirembagan mirunggan, sumangga kepareng kula dherekaken tumuju ing panti bujana, kepareng angrahabi pasugatan ingkang sampun sumedya kanthi mardu mardikaning penggalih.

Para sesepuh, pinisepuh saha para rawuh kakung sumawana putri ingkang tuhu kinormatan, sampun wonten sasmita bilih gatinings adicara wonten ing wekdal menika sampun dumugi ing paripurna. Pramila bokbilih anggen kula ndherekaken adicara wiwit purwa, madya, dumugi ing wasana wonten kekiranganipun, saestu kula nyuwun lumunturing sih samudra pangaksama. Sumangga pepanggihan wonten ing wekdal menika hamungkasi kanthi memuji wonten ngarsa Gusti ingkang Maha Mirah kanti maos hamdalah sesarengan. Alhamdulillahirabbil 'Alamin. Pungkasaning atur, wabillahi taufiq wal hidayah, Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Nuwun, kepareng matur dhumateng para kasepuhan, pinisepuh, saha sesepuh ingkang minulya, para Bapak Ibu tamu ingkang satuhu kinurmatan. Sumangga kula dherekaken muji syukur dhumateng ingkang akarya jagat Allah swt ingkang sampun paring sih kanugrahan.

Kaperanga kula sumela atur, badhe ngaturaken menggah ingkang dados rantamaning adicara upacara pengantin ing siyang punika.

Adicara kapurwakan kanthi pambuka.

Adicara kaping kalih atur pambagyaharja.

Inggih ingkang kaping tiga pasrali saha tampi calon penganten kakung.

Adicara kaping sekawan adicara ijab qobul.

Dene adicara kaping gangsal, pengaosan utawi wasitatama.

Kapungkasan kanthi panutup.

Makaten kalawau menggah adicara ingkang sampun karantam. Sumangga adicara kapurwakan kanthi kula dherekaken maos basmalah. Sumangga.

Adicara salajengipun inggih punika atur pambagyaharja. Rehning ingkang hamengku karsa boten kuwawi matur piyambak, pramila pambagyaharja dipunsalirani Bapak Gunadiharja. Dhumateng Bapak Gunadiharja sumangga, dene Bapak-Ibu Suharjana kasuwun kepareng hangampingi Bapak Gunadiharja. Sumangga.

-----pambagyaharja-----

Makaten kalawau atur pambagyaharja. Salajengipun adicara pasrah calon pinanganten kakung ingkang dipunsarirani Bapak Suranta Aji. Sumangga.

-----pasrah-----

Pangandikan pasrah tumuli badhe dipun tampi Bapak Suwarja minangka wakilipun Bapak-Ibu Suharjana. Dhumateng Bapak Suwarja, sumangga.

-----tampi-----

Minangka tandha hanetepi adat Bapak Ibu Handika calon besan badhe hangaturaken ubarampe srah-srahan. Dipun wiwiti pisang sanggan saha ubarampe salajengipun sumangga katampi dening Bapak-Ibu Suharjana.

Salajengipun calon pinanganten kakung kakanthi tumuju dhateng sasana ijab qobul.

Dhumateng Bapak Daru minangka seksi saking kulawarga calon pinanganten kakung sarta Bapak Warsana seksi saking kulawarga calon pinanganten putri kepareng lenggah.

Bapak Naib ugi kepareng lenggah, makaten ugi bapak wali nun inggih Bapak Suharjana. Tumuli calon pinanganten kalenggahan ing jajar kaliyan wali. Adicara ijab qobul salajengipun kula aturaken Bapak Pengulu. Sumangga.





-----ijab qobul-----

Adicara ijab qobul sampun paripurna. Dhumateng Bapak seksi, Bapak Naib ngaturaken panuwun. Salajengipun sri penganten kalenggahaken ing sasana pinajang dipunembani ingkang bebesanan. Adicara sinigeg sawetawis. Dhumateng para kadang kaneman sumangga katur, hangaturaken pasugatan. Para tamu ingkang sampun tampi pasugatan keparenga ngunjuk saba dhahar kanthi mardikaning penggalih. Sumangga.

-----sigeg-----

Boten hangirangi pakurmatan saba kanikmatan para tamu ngunjuk saba dhahar nyamikan, keparenga kula nglajengaken adicara nun inggih wasitatama. Sri penganten pinaringan wasitama dening Bapak Haji Sudarmaji. Sumangga.

-----wasitatama-----

Makaten kalawau menggah wasitatama saking Bapak H. Sudarmaji, mugi handayani sri penganten saged gesang sakinah, mawwadah, warahmah. Amin. Salajengipun kulawarga badhe ngaturaken lelangen beksan Yudaasmara, sinambi para kadang kaneman ngaturaken pasugatan dhahar tasyakuran.

-----tari yudaasmara-----

Sampun paripurna sedaya adicara. Tumuli sri penganten miwah ingkang bebesanan jengkar tumuju wonten sangandhaping tarub saperlu nampi jawat asta pangestu saking paratamu ngiras pantes, kulawarga ngaturaken agunging panuwun dhumateng para tamu.

Bokmenawi anggen kula ngaturaken adicara wonten kalepatan, nyuwun agunging pangaksama. Sugeng kondur, rahayu kang samya pinanggih. Nuwun

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

